



Estanda sekirite sa yo nan plas travay afiche alavans pandan lansman Faz 2 Gouvènè a pou akòde operatè lojman yo tan pou prepare re-ouvèti an konfòmite avèk estanda obligatwa sa yo. Otèl, motèl, ak lòt biznis lojman yo kap fonksyone pandan ijans sante piblik COVID-19 la dapre restriksyon sibstansyèl konfòmeman avèk Ódonans Sèvis Esansyèl Gouvènè a (COVID-19 òdonans No. 13) ak Gid Depatman Sante Piblik (DPH) ki te pibliye nan dat 25 Mas 2020. Otèl, motèl, ak lòt biznis lojman yo ka pa pwolonje operasyon yo jiskaske yo otorize spesifikman pou fè sa nan Faz 2 nan Plan re-ouvèti plas travay nan Commonwealth la ak nan retrè direktiv sou Lojman DPH. Gouvènè a pral mete sou pye Faz 2 nan Plan re-ouvèti a dapre Dekrè Egzekitif fòmèl ak sèlman apre yon revizyon atantif sou done sante piblik.

Sal bal, sal reyinyon, sal resepsyon, ak tout lòt etablisman ki gen aktivite andedan ak deyò yo dwe rete fèmen. Operatè lojman yo pa otorize pou òganize maryaj, aktivite biznis, oswa òganize nenpòt lòt rasanbleman.

Restoran ki nan sit yo, pisin, jimnaz, espas, teren gòlf, ak lòt komodite ki lokalize sou sit lojman an ka fonksyone sèlman kòm kategori yo otorize pou fonksyone lòt kote nan Commonwealth la ak sijè nan règleman sou sekirite nan COVID-19 ki aplike pou menm kalite etablisman endepandan. Operatè lojman yo dwe konsilte [Sit entènèt Re-ouvèti Massachusetts](#) pou egzamine estanda sekirite adisyonèl sou sektè spesifik sa yo.

Operatè lojman yo dwe enfòmè envite yo nan moman rezèvasyon an te fèt ak nan anrejistreman règleman Commonwealth ki ankouraje vwayajè yo pou yo mete tèt yo an karantèn pou 14 jou apre yo fin rive nan Massachusetts soti nan yon lòt eta.

Operatè etablisman lojman endividyèl ki pa gen pèsònèl yo tankou kay oswa apatman akoutèm yo gen obligasyon pou konfòm avèk estanda ijyèn ki spesifye anba sa ki gen ladan kondisyon netwayaj ak peryòd separasyon minimòm ant lokasyon yo.

ESTANDA SEKIRITE OBLIGATWA



DISTANS SOSYAL

Asire separasyon 6 pye oswa plis ant moun yo sof si sa kreye yon danje pou sekirite:

- Fèmen oswa rekonfigire espas komen pou travayè ak envite yo ak zòn wo dansite yo kote travayè ak envite yo siseptib pou rasanble (egzanp., sal repo, zòn pou chita, sant biznis, zòn sèvis konsyèj, saldantre/biwo resepsyon pou anrejistre) pou pèmèt 6 pye distans fizik,
- Re-amenaje espas biwo, estasyon travay oswa kabin yo, si posib, pou asire ke espas travay yo garanti omwen sis pye distans fizik
- Patisyon fizik dwe separe estasyon travay ki pa kapab espase; klwazon yo dwe mezire omwen 6 pye wotè.
- Aranje pou separasyon 6 pye oswa plis pou envite yo pandan anrejistreman ak depa nan enstale makè separasyon sou planche a ak otreman limite opòtinite pou anpil moun nan zòn biwo resepsyon an
- Etabli koulwa direksyon ak pasaj pou pyeton si posib, pou diminye kontak pami moun ki annatant yo. Afiche siy vizib klè osijè règleman sa yo

Kouvri figi obligatwa pou tout travayè ak envite yo lè yo andedan koulwa ak zòn komen yo, sof lè yon moun pa kapab kouvri figi l akòz yon kondisyon medikal oswa andikap

Envite yo ta dwe antre nan pòt yo ki swa ouvè, si posib, oswa otomatik oswa ki fonksyone manyèlman pa yon travayè ki lave men souvan ak/oswa itilize yon dezenfektan apwopriye pou men

Entèdi rasanbleman 10 oswa plis travayè pandan èdtan travay yo

Limite kantite moun kap monte yon asansè ak asire itilizasyon kouvri figi. Itilize siy pou kominike kondisyon sa yo Mande pou travayè yo evite bay lanmen ak salitasyon ki menm jan ki deranje distans fizik

Travayè yo pa ta dwe ouvè pòt veyikil oswa taksi. Yo ta dwe evite operasyon estasyonman veyikil sof si li nesèsè akòz kontrent fizik oswa jeyografik nan fason pou akomode envite endividyèl ki gen kondisyon andikap

Rekòmande pi bon pratik

Amelyore vantilasyon pou espas fèmen yo lè sa posib (egzanp., ouvè pòt ak fenèt)
Ankouraje metòd peman ki san kontak



PWOTOKÒL IJYÈN

Asire aksè nan etablisman pou lave men sou sit la, sa ki gen ladan savon ak dlo, epi akòde sifizaman tan poz pou travayè yo lave men yo souvan; yo ka itilize kòm yon altènativ dezenfektan pou men a baz alkòl avèk omwen 60% alkòl

Bay travayè yo nan lokal plas travay yo pwodui netwayaj adekwat (egzanp., dezenfektan, sèvyèt dezenfektan)

Mande pou travayè yo lave men oswa itilize dezenfektan souvan

Bay dezenfektan pou men nan zòn piblik yo nan tout etablisman an pou envite ak travayè yo itilize

Limite otan ke posib pou pataje ekipman pòtab, telefòn, biwo, estasyon travay, ak lòt zouti ak ekipman ant travayè yo

Yo dwe dezenfekte nenpòt ekipman pataje anvan, pandan ak apre chak chif travay oswa nenpòt lè yo transfere ekipman an bay yon lòt travayè

Afiche siy vizib nan tout sit la (devan ak dèyè) pou fè travayè ak envite yo sonje pwotokòl ijyèn ak sekirite


Sispann itilize ekipman manje ak bwason pataje nan sal-a-manje ak koulwa yo (sa ki gen ladan kafetyè pataje). Fèmen machin glas manyèl yo oswa itilize machin glas otomatik yo

Rekòmande pi bon pratik

Konsidere pou enstale pirifikatè lè ki gen wo efikasite, modènize filtè lè bilding lan nan piwo efikasite posib, ak fè lòt modifikasyon pou ogmante kantite lè deyò ak vantilasyon nan biwo yo, chanm envite, ak lòt espas yo



ESTANDA SEKIRITE OBLIGATWA



PÈSONÈL & OPERASYON

Bay travayè yo fòmasyon sou enfòmasyon sekirite ajou ak prekosyon sa ki gen ladan ijyèn ak lòt mezi yo ki vize nan redwi transmisyon maladi, sa ki gen ladan

- Distans sosyal, lave men, bon itilizasyon nan kouvri figi
- Oto-depistaj nan kay, sa ki enkli tcheke tanperati ak sentòm yo
- Ranfòse ke travayè ki malad pa vin travay
- Kilè pou chèche atansyon medikal si sentòm yo vin grav
- Ki kondisyon sante kache ki kapab lakoz moun ki pi siseptib pou atrape ak soufri nan yon ka viris grav

Ajiste lè ak orè travay (ekip travay avèk diferan orè oswa chanje lè rive / depa) pou diminye kontak pami travayè yo ak redwi konjesyon

Otorize poz deyò pou pèmèt distans sosyal, si posib

Ajiste lè repo ak manje anplwaye yo, reglemante kantite moun yonsèl kote, ak asire distans fizik omwen 6 pye

Ajiste pwosesis fòmasyon ak entegrasyon pou pèmèt distans sosyal, kenbe distans si posib

Yo ta dwe òganize reyinyon vityèl chak jou anvan chif travay la kòmanse oswa kote ki otorize distans sosyal

Diminye sifas yo manyen anpil yo tankou kyòs, tablet, plim, kat kredi, resi ak kle

Sèvis nan chanm envite, sèvis ak netwayaj a sèk ak lesiv, e yo ta dwe mete disponib livrezon sèvis lè yap itilize pwotokòl livrezon ak ranmasaj san kontak

Yo pa p otorize okenn bifè oswa sèvis endepandan avèk atik yo itilize plizyè fwa

Limite kontak ant travayè ak vizitè deyò yo oswa livrezon; aplike resepsyon san kontak lè sa posib

Kenbe yon jounal travay ak envite pou sipòte retrase kontak (non, dat, lè enfòmasyon kontak) si nesèsè

Retire komodite ki pa esansyèl yo (dlo oswa kafe pou envite yo, klozet pou rad, elatriye.) nan kote piblik yo

Retire oswa limite ekipman papye nan chanm envite yo. Retire plim, papye ak anyè envite, magazen ak bwochi; sipleman ak materyèl dijital oswa materyèl ki disponib sou demann

Si yo enfòme anplwayè a sou yon ka pozitif nan plas travay la, anplwayè a pral enfòme Komisyon Depatman Sante Lokal (LBOH) nan vil oswa vilaj kote plas travay la lokalize epi travay avèk yo pou retrase posib kontak nan plas travay la ak konseye travayè yo pou yo izole ak mete tèt yo an karantèn. Yo ka mande pou lòt travayè yo fè tès ki konsistan avèk gid ak/oswa sou demann LBOH

Afiche avi pou travayè ak kliyan yo sou enfòmasyon sante enpòtan ak mezi pou sekirite jan li endike nan direktiv Commonwealth la sou [Estanda Sekirite nan Plas Travay](#)

Rekòmande pi bon pratik yo

Yo ankouraje travayè yo ki patikilyèman vilnerab nan COVID-19 pou yo rete lakay yo dapre Sant pou Kontwòl Maladi egzanp., akòz laj oswa kondisyon sante ki kache)

Ankouraje travayè yo pou yo idantifye sentòm yo poukont yo oswa nenpòt kontak pwòch avèk yon moun yo konnen oswa sispèk ki genyen COVID-19 bay anplwayè a

Ankouraje travayè yo ki teste pozitif pou COVID-19 pou yo divilge bay anplwayè nan plas travay la pou rezon netwayaj/ dezenfekte ak retrase kontak



NETWAYAJ & DEZENFEKSYON

Fè netwayaj ak dezenfeksyon souvan nan tout zòn komen yo nan sit lojman an (plizyè fwa pa jou si sit lojman an gen anpil chanm envite)

Pratike dezenfeksyon amelyore nan chanm yo lè ou netwaye ak dezenfekte tout sifas di yo nan yon minimòm chak fwa yon envite ale ak anvan youn rantre, ak lave tout dra, kouvrelè ak kouvèti yo

Yo dwe retire dra sa yo epi transpòte yo soti nan chanm envite yo nan sak ki sele, yonsèl itilizasyon, ak zorye pwotektè sou kabann envite yo dwe chanje pami envite yo nan yon minimòm. Anbalaj atik sa yo ta dwe fèt nan chanm envite a pou elimine kontak anplis pandan yap transpòte. Tout dra kabann ak lesiv ta dwe lave nan tanperati elve ak netwaye annakò avèk gid CDC

Aprè chak depa, konsidere kite chanm envite yo vid pou 24 èdtan nan kad yon pwotokòl netwayaj pou pèmèt yon netwayaj apwofondi, dezenfektan ak pwodui netwayaj a sèk, ak echanj lè sa rezonab

Menajè yo pa ta dwe antre nan yon chanm envite pandan ke envite a fizikman prezan nan chanm lan sof nan demann spesifik envite a; menajè a dwe otreman netwaye chanm yo sèlman lè envite yo pa prezan ak redwi kontak avèk byen pèsònèl envite a; Menajè yo pa ta dwe ouvè pòt ak fenèt yo lè sa posib pou ogmante sikilasyon lè

Kenbe jounal netwayaj ki gen ladan dat, lè, ak etandi netwayaj

Fè dezenfeksyon souvan zòn ki gen anpil sikilasyon ak sa ki manyen souvan (egzanp., manch pòt, charyo woulan, saldeben)

Sizoka yon envite prezante yon ka prezime nan COVID-19 oswa yon ka pozitif, chanm envite sa te okipe ka retounen nan sèvis sèlman apre yo fin sibi yon pwotokòl dezenfeksyon amelyore, annakò avèk gid CDC yo

Rekòmande pi bon pratik yo

Konsidere bay "twous" netwayaj (resipyan pòtab avèk founiti netwayaj) aksesib nan tout otèl la pou zòn yo pral netwaye detanzantan pandan tout jounen an